

Eske vaksen an san danje pou mwen ak bebe mwen? Kisa ki te chanje ofilditan?

- Nan kòmansman pandemi an, nou pa te konnen efè vaksen an sou fanm ansent, sou fanm nouris ak sou ti bebe yo.
- Kounye a, nou genyen anpil done, epi nou ka di avèk konfyans: **Vaksen KOVID-19 la san danje pou ou menm ak ti bebe w la, anvan, pandan, ak apre gwsosè ou a!**
- Depi septanm 2023, **plizyè santèn mil fanm ansent te pran vaksen kont KOVID-19.**
- Pat genyen okenn rapò de risk ogmante nan foskouch, pwoblèm de kwasans, oswa defo nesans.
- Vaksen KOVID-19 la pa yon vaksen ki fèt ak viris vivan, **epi fanm ansent ak fanm nouris ansanm ak ti bebe yo pa kapab trape KOVID-19 nan vaksen an.**
- Li pa nesèsè pou tire lèt tete w pou konsève l nan veso nan kèk èdtan apre w fin pran vaksen an lè w se yon fanm nouris.

Anefè, vrè risk la se lè yon fanm ansent chwazi poul **PA** vaksine.

Fanm yo ki vin malad avèk COVID-19 pandan gwsosè:

- Gen anpil chans pou yo malad pi grav akòz COVID-19 parapò ak fanm ki pa ansent yo.
- Gen anpil chans pou yo bezwen swen nan Inite Swen Entansif (Intensive Care Unit, ICU).
- Gen anpil chans pou yo bezwen tib pou yo respire.
- Gen gwo risk pou yo mouri.
- Gen gwo risk pou yo akouche yon ti bebe ki enfekte ak COVID-19.

KIJAN POU M GEN VAKSEN COVID-19

Vaksen an gratis pou pifò moun, menm pou moun ki pa gen asirans.

Chèche konnen ki kote ou ka jwenn aksè gratis ak vaksen kont KOVID la gratis:

- ✓ Pale avèk doktè OB/GYN ou.
- ✓ Mande si pa genyen klinik mobil ak ekspozisyon sou sante
- ✓ Depatman sante
- ✓ Sant Sante Kominotè
- ✓ Famasi bò lakay ou
- ✓ **Pale avèk patwon w lan sou fason ou kapab jwenn vaksen kont KOVID-19 la.** Yo ka ede w nan aranjman w ap fè pou jwenn yon vaksen.
- ✓ Jwenn vaksen: <https://www.vaccines.gov/search/>

POU PLIS ENFÒMASYON



Vizite Sant Kontwòl Maladi yo ak Pwevansyon: <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/>



Pou Repons ak Keksyon yo poze souvan, vizite **Migrant Clinicians Network**: <https://bit.ly/3ki1xAl>

Mizajou: 19 septanm 2023



Gwsosè, bay tibebe tete ak Vaksen kont COVID-19

Pran yon Vaksen kont KOVID ki ajou

Kanpay Sansibilizasyon Vaksen COVID-19



VAKSEN COVID-19 YO YO SAN DANJE E EFIKAS

- Tout moun ki gen sis mwa oswa plis ta dwe pran yon vaksen kont COVID-19 ki ajou!
- Moun ki te pran vaksen anvan oswa ki poko janm pran vaksen ap pran sèlman yon vaksen.
- Gen kèk moun ki pran plis pase yon vaksen: timoun ki gen sis mwa rive 5 an, ki gen sistèm iminitè ki fèb, epi moun ki gen 65 an oswa plis ta dwe pale ak doktè yo.

REKÒMANDASYON YO


- + Pran dènnye dòz vaksen ou an.
- + Fè fanmi ou pran dènnye dòz vaksen yo.
- + Mete yon mas nan espas anndan oswa deyò ki gen anpil moun, menm si ou deja pran dènnye dòz vaksen yo.
- + Si w te ekspozè ak COVID-19, swiv etap sa yo, menm si w pran vaksen:
 - Pote yon mas pandan 10 jou.
 - Si w vin malad: Fè tès la touswit. Si tès la negatif, refè tès la ankò nan 48 èdtan.
 - Si w pa vin malad: Fè tès la, pou pi piti, 5 jou apre w fin ekspozè. Si tès ou a negatif, refè tès la ankò apre 48 èdtan, epi fè sa ankò apre yon lòt 48 èdtan si dezyèm rezilta w la negatif. Si tès pozitif, antre nan izolman!
 - Si tès ou a pozitif, gade gid Sant pou Kontwòl Maladi a (Centers for Disease Control, CDC) pou konnen kijan pou antre nan izolman.
- + Pou fi ki gen tout laj ki ansent, k ap bay tete, oswa k ap eseye ansent, vaksen yo enpòtan anpil pou kenbe manman yo ak tibebe yo an sante..



KISA POU KONNEN LÈ W AP PRAN VAKSEN COVID



Li enpòtan pou'w pran vaksen an menm lè'w te deja trape COVID-19.



Genyen divès kalite vaksen. Tout vaksen ki kont COVID-19 la yo san danje e yo efikas.




Tcheke pou wè si yo ofri vaksen yo gratis nan eta kote ou ye a oswa nan depatman sante lokal la oswa nan famasi lokal ou a.




Apwè vaksinasyon an, ou kapab soufri avèk: ponyèt fèmèl, tèt fèmèl, lavyèw, oswa frison.



Ou pral santi'w pi byen kèk jou apwè vaksen an.



Yo konsidere ou ajou depi w resevwa dòz ou bezwen an (yo).



Kontinye mete mask nan espas kote ki chaje moun epi lave men ou.



Ou te fè pati pa'w la pou te pwoteje tèt ou ak lòt moun de COVID-19 la!



AVANTAJ VAKSINASYON AN

- ✓ Vaksinasyon an ap pwoteje'w, fanmi'w, pitit ou, ak kolèg nan travay ou pou yo vin malad grav e pou yo pa etèn lopital.
- ✓ Vaksinasyon an ap diminye risk pou manman yo ansanm ak bebe yo.
- ✓ Vaksinasyon an ap di minye risk de nonb nouvo de ka grav ak ka lanmò de COVID-19 nan kominote ya.
- ✓ Vaksinasyon an ap pwoteje lopital yo ak founisè swen yo pou yo pa sichaje avèk pasyan ki malad grav ak COVID-19.
- ✓ Plis gen moun ki pran vaksen an nankominote ya, mwens nap bezwenenkyete konsènan nouvo varyan yo.
- ✓ Diminye risk foskouch yo
- ✓ Tibebe a kapab pran antikò ki soti nan fanm nouris ki pran vaksen an epi gen posiblite pou yo pwoteje tibebe a kont COVID-19.

RISK AK MOUN SAN VAKSEN

- ✗ Risk ki piwo nan enfeksyon COVID-19.
- ✗ Risk ki piwo nan enfeksyon grav, nan etèn lopital ak lanmò.
- ✗ Risk ki piwo pou ekspozè a nouvo mytasyon ki kontajye ak danjere.